

# APRE SIKLÒN NAN

## KÈK RISK POU SANTE W AK FASON OU KAPAB EVITE YO

Pou plis enfòmasyon rele Florida Emergency Line (Liy eta Florid pou ljans) nan nimewo 1-800-342-3557; oswa vizite [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org) oswa [www.myfloridae.com/medicine/index.html](http://www.myfloridae.com/medicine/index.html).

### EVITE MALADI OU KA PRAN NAN MANJE

**MANJE AK DLO SAL** Piga manje okenn manje ki te ka rantre an kontak ak dlo sal inondasyon oswa dlo ki monte.

**BWAT MANJE KI TOU PARE POU VANN** Pa manje nan bwat ki domaje oswa ki louvri. Ou kapab sere bwat ki pa louvri yo depi w retire etikèt yo epi w dezenfekte yo. Mete ¼ (yon ka) tas klowòks nan yon galon dlo pwòp, epi kite li pandan omwen 30 minit. Re-mete etikèt la sou bwat yo—ekri nan etikèt yo tou dat ekspirasyon ak ki kalite manje li ye. Konsidere manje nan bwat ki nan kay la gate epi jete yo.

**LÈT NAN BWAT POU TIBEBE** Tibebe yo ta dwe nouri sèlman avèk lèt nan bwat ki deja prepare pou itilize, oswa prepare lèt an poud pou tibebe oswa lèt konsantre an likid epi itilize dlo esterilize pou prepare lèt la (gade seksyon anba a ki make **LÈ W AP BOUYI DLO** ak **LÈ W AP DEZENFEKTE DLO**). Itilize sèlman bibron ak tetin ki esterilize. Se pou w mete nan frijidè rès lèt pou tibebe ou te deja prepare (si w ap bay tibebe a tete, kontinye ba li tete). Piga sèvi avèk lèt an poud ki prepare avèk dlo ki pa trete.

**MANJE KONJLE AK MANJE NAN FRIJIDÈ** Frijidè ak konjelatè ki pa te gen kouran depi siklòn nan ta dwe netwaye. Danre perisab sa yo pa bon pou manje.

### EVITE MALADI OU KA PRAN NAN DLO

**TOUJOU LAVE MEN W** Sèvi avèk savon ak dlo ki bouyi oswa ki dezenfekte. Lave men w anvan w manje, apre w fin itilize twalèt, apre aktivite netwayaj, epi apre w fin manyen bagay ki sal nan dlo inondasyon oswa nan dlo twou egou.

**AVI POU BOUYI DLO** Si yo mande pou zòn kote w ap viv la swiv yon “avi pou bouyi dlo”, ou dwe pran prekosyon kont dlo sal espesyalman si w gen yon pui prive. Si w pa si dlo a bon pou w bwè, SE POU W BWÈ DLO NAN BOUTÈY YO VANN NAN.

**LÈ W AP BOUYI DLO** Mete dlo a nan yon bouywa pandan yon minit pou ka anlve bakteri yo.

**LÈ W AP DEZENFEKTE DLO** Ajoute 8 gout klowòks ki sèvi nan kay nan chak galon dlo, melanje l, epi kite l poze pou 30 minit. Si dlo a twoub apre 30 minit, repepe menm pwosedi a.

**ENFEKSYON AK DLO INONDASYON** Dlo inondasyon kapab gen ladan l tout kalte salte ou konn jwenn nan twou egou. Si w gen blesi oswa maleng ki ekspoze nan dlo inondasyon an, kenbe yo pwòp otank posib. Pou w fè sa, lave yo avèk savon ak dlo pwòp. Pase pomad antibiotik sou yo apre netwayaj. Si yon blezi oswa yon maleng ap vin wouj, l ap anfle oswa l ap fè pi, se pou w al wè yon doktè.

**TIMOUN AK DLO INONDASYON** Timoun pa ta dwe jwe nan dlo inondasyon an oswa yo pa ta dwe jwe avèk jwèt ki te nan dlo inondasyon an. Dezenfekte jwèt yo. Pou w fè sa, sèvi avèk ¼ tas klowòks nan yon galon dlo pwòp, kite li poze pou omwen 30 minit, epi kite jwèt yo seche nan lè a.

### EVITE MALADI OU KA PRAN AKOZ KOUTCHALÈ

**SENTÒM AVÈTISMAN** Anpil swè, figi w blèm, feblès, vètij, maltèt, anvi vomi (kè plen) oswa vomisman oswa etoudisman.

**RAFRECHI KÒ W** Bwè bwason fre ki pa gen alkòl; pran yon douch fre, yon beny fre oswa fè twalèt ou avèk eponj; abiye avèk rad ki lejè, epitou repoze w nan anviwònman ki gen èkondisyone.

### KOUTCHALÈ KAPAB LAKÒZ GWO

**KOUTSOLÈY** Sentòm grav enkli po ki frèt ak imid, pilsasyon ki rapid epi ki fèb, epi respirasyon ki rapid epi ki fèb. Chèche jwenn swen medikal si sentòm sa yo dire pi lontan pase inèdtan, oswa si w gen pwoblèm kè oswa si w gen tansyon w ki monte byen wo.

### EVITE MALADI OU KA PRAN AKOZ MONOKSID KABÒN (CO)

**MONOKSID KABÒN SE YON GAZ KI ENVIZIB, KI PA GEN ODÈ, KI PA GEN OKENN GOU EPI KI GEN ANPIL PWAZON LADANL** Li kapab lakòz fatig, feblès, doulè nan pwatin pou moun ki soufri ak maladi kè, fè w ap esoufle, anvi vomi (kè plen), vomisman, maltèt, pwoblèm vizyon, pèt konsyans, epi, nan ka ki grav, lanmò.

**PIGA ITILIZE JENERATÈ KI MACHE AK GAZ OSWA MACHIN POU LAVE AK PRESYON ANDEDAN KAY LA, PA MENM ITILIZE YO ANDEDAN GARAJ LA. PA BOULE CHABON OSWA GRIY KI MACHE AK GAZ ANDEDAN KAY LA, NAN GARAJ LA, NAN MACHIN OSWA NAN YON TANT OSWA YON CHEMINE.**

**SI W PANSE OU ENTOKSIKE** Louvri pòt ak fenèt yo, fèmen aparèy ki mache ak gaz la epi sòti deyò. Rele 911 oswa Sant pou Enfòmasyon sou Pwazon (Poison Information Center) ki pi pre w la nan nimewo 1-800-222-1222.

### EVITE DOMAJ AK BLESI AKOZ DIFE

**SÈVI AVÈK PWOJEKTÈ AK FLACH KI MACHE AK BATRI** Si w ta gen pou sèvi avèk bouji, mete yo nan chandelye ki lwen rido, papye, bwa oswa lòt atik ki kapab pran dife fasil.

### EVITE MALADI OU KA PRAN NAN MOUSTIK

**GWO LAPLI AK INONDASYON AP LAKÒZ YON OGMANTASYON NAN MOUSTIK YO** Otorite sante publik yo ap travay pou kontwole developman tout maladi moustik ka transmèt.

### DRENNEN DLO DÒMI.

**Jete** vye kawotchou, dwoum, boutèy, bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt atik ki pap sèvi.

**Vide epi netwaye** basen zwazo ak abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de fwa pa semenn omwens.

**Pwoteje** bato ak machin kont lapli ak bach ki pa kenbe dlo.

**Kenbe** konpozisyon chimik dlo pisin yo. Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.

### KOUVRI PO W AK.

**Rad:** Si ou dwe rete deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò w. Mete soulye, chosèt, pantalon long, ak manch long.

**Solisyon kanpe lwen pou moustik:** Pase solisyon kanpe lwen sou po w ak rad ou. Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon ekaliptis, ak IR3535 efikas. Itilize moustikè an til pou pwoteje timoun pi piti pase 2 mwa.

**SKRINE PÒT AK FENÈT YO** Pa kite moustik rantre nan kay la. **Repare** skrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.

